

Ndigël: Surnaalu Muriid bu Wolofal 1

[Page 3, Column 1]

Te kana gëna nekkal Yàlla? Boo leen gisee danuy woyof toy. Donte ku xamul dafa leena laaj ci lu dul ay teggiin, ñoom danañu ko tontu ci ay teggin. Moo tax ca waxtaan wa ñu doon defe fii ci Faraans, muy Pari, te ñi ko doon def di kuréel bu ñu tudde *Lislaam ak Xeet wi Nekk Ërop*, waxtaan wa moo di ndax Lislaam mën naa àndil dara xeetu Nasaraan yi nekk Ërop? Ñun lañu leen tontu moo di waaw mën na a nekk ngir Yàlla mooy aji mën ji. Moo moom fépp. Moo sakk lépp ak xeet yépp ak melo yépp te Lislaam dafa daj fépp. Te itam jël rekk làmmiñu Araab di ko waxe Islaam wa ilaa làmmiñu nit ñu ñuul ñi dafa doyul. Li war mooy toog nun waa kér Rasuulul Laahi waxtaan sottante xalaat. Kenn mënu la ñàkk, ndaxte

[Page 3, Column 2]

Yàlla moo wax ci Alxuraan ne: “Bu ngeen gisee ma wuutale leen, li ma ci nàmm moo di ngeen gëna xamante.” Kon ci noonu rekk la nu mëna fexee ba ñi xamul daaldi mëna xam. Te waxaat ne: “Wa lakin akthara l-näsi lâ ya ‘lamüna.’” Maanam nit ñi ñu ci bari ñu ngi ci réer. Kon, na nu ànd dellu ci Alxuraan ma nga xam ne moo tuy téqaléel dëgg ak lu dul dëgg.

Wa şalaatu wa salaam, Shaykh Abdullaahi Jéey

Màggal gu mag giî nga xam ne danañ ko dee def at mu nekk ca Tuubaa, mu bokk ci ndénkaaney Xaadimu Rasuulul Laahi, nga xam ne fu mu fekk ab Muriid ci àdduna sa xol Tuubaa lay fanaan, rawatina at mii nga xam ne ñetti fan lañu ko def, ci ndigëlal Shaykh Abdul Ahad al-Mbàkkiyyu, lii la fa wax ba muy yewwi mbooloo ma:

[Page 3, Column 3]



Shaykh Abdul Ahad al-Mbàkkiyyu

Waxtaanu Shaykh Abdullaahi Ahad mu jëm

ci mbooléem jullit yi ak taalube yi

ak kilifay réew mi ci wàllug nguur gi

“As-salāmu ‘alaykum wa rahmātu l-Lāhi ta‘āla wa barakātuhu. Yow Habib Caam njiiital Minister yi, maa ngi lay nuyu. Maa ngi nuyu ñi nga àandal ñépp. Muy kilifa yi nekk ci biir réew mi ak kilifa yi nga xam ne bitim réew lañu jóge. Maa ngi leen di nuyu, di leen sànt bu baax ci seen toogaay bii ci sunu bis bu màgg bii, ngir bu kenn rekk dikkoon

[Page 4, Column 1]

ci yeen dana doy, waxuma nak ni ngeen booloo ànd ngir jëmmalle ak màggale Muriid yi. Jéréjéf! Maa ngi leen di nuyu ci turu ki nga xam ni ci baatam ngeen jóg ba ñëw fii. Ma bëgg ngeen may nu tuuti nu yóbbante leen ci moom. Yóbbante bu leer nañ ak ndénkaan lu ñu koy dénk, doora nuyoo sunu mbokki kilifa diine yi nga xam ne ñoo dikk teewle nu fii, doora waxtaan ak bokki taalube yi nga xam ne ñoo dikk taxawusi liggéey bii.” Fii nak la tambalee yóbbante bi ci Peresidaa bi. “Nee leen ko nun ay Muriid lanu yoo xam ni Sériñ Tuubaa rekk lanu yaakaar tey. Moom lanu yaakaar ëllég. 1) Wóolu, 2) ak gëm

[Page 4, Column 2]

ak ragal, 3) ak yaakaar, 4) Sériñ Tuubaa rekk lanu ko def. Bi ñu ko defee ci Sériñ Tuubaa nak dafa am lutax. Litax moo di Sériñ Tuubaa bi mu nee ñokket, dafa daaldi wone xalaatam. Ni mu bëgga def ak fi mu bëgga jëm ak la mu njëkka wax moo di: “shahidtu anna l-Lāha Rabbu l-Khalqi, wa anna Ahmada Rasūlu l-haqqi.” Seere naa ne Yàlla mooy Boroom ñépp. Yonnent bi moo nekk ci dëgg. Teeloon ngeena xam ci ne jàpp na ne Yàlla mooy buur, yonnent bi mooy ndawal buur. Teg ca ne: “dalaniya l-Lāhu ‘alā Muḥammadin wan qādalī Muḥammadin li şamadi.” Yàlla tektal na ma yoneent bi. Yoneent bi fab ma jëme ma ci Yàlla. Kon nga xam ni kii ci Yàlla ak yonnent bi rekk lay yëngu jëm. Waaye du yëngu jëm ci leneen.

[Page 4, Column 3]

Ba mu nekkee ci biir di dem ba yégg ci “lahu dahra niyatī, wa ‘ilmī, wa khidmatī, wa rūhī, wa juthmāni, wa kullī bilā thukli.” Man jox naa sama diirub jamono, jox naa ko sama yéene, jox naa ko

sama lépp. Jox naa ko sama xam-xam ak sama liggéey ak samag ruu. Jox naa ko sama yaram ci lu dul ag nàngooti ko. Kon nga daadi xam ne kon amatul ci moom dara. Seetul mbokk. Seetul kenn. Yàlla rekk la jox léppam. Bi mu joxee léppam Yàlla ba la mu yakaaroon ci Yàlla Yàlla nàngul ko ko, ba mu am ci lu kawe njortam, ci la waxe ne: “ḥubī, wa wudī, wa riḍwānī wa maḥmadaṭī liman ḥabānī bimā qad fāqa maẓnūni.” Samak cofeel ci xol, sama cofeeling

[Page 5, Column 1]

[sama cofeeling] biir ak biti, sama sàntug làmmiñ lépp jox naa ko ki ma may lu kawe sama njort muy Yàlla. Kon nun ay Muriid lanu. Muriid gi dara waralu ko lu dul nit boo ñówee ci moom ne ko damaa bëgg nga jur ma, mu nàngu laa jur, aw sàntam ngay sànt. Moom nak tur wa ko ndéyam tuddeewoon ak baayam da koo bàyyi jël turu Xaadimu Rasuul. Wëlbëtiku tudd Murídu l-Lâhi. Murídu l-Lâhi nak képp ku jàpp ci moom rekk daaldi koy tudd. Kon mel na ne Murid amul, Sériñ Tuubaa rekk moo am. Nun Muriid nak képp koo xam ne, ni Yàlla def Sériñ Tuubaa neex na la, nu def la ni sunu bopp, ak koo mëna doon. Koo xam ne nii, ni Yàlla def Sériñ Tuubaa naqari na la nu lay seetaan. Ci biir loolu laa bëgga ñëw tey jii, wax leen ci Peresidaa Abdu Juuf,

[Page 5, Column 2]

yóbbante leen ci moom li nga xam ne xam naa ko ci moom te mu jëf ko. Man wóor na ma ne jàpp na Sériñ Tuubaa. Yëgg naa itam ne ci moom fonk na Sériñ Tuubaa ndaxte nekk Peresidaa ba noppi ñetti weer yu nekk nga bàyyi sa kér ñëw yendu fii ba ngoon jot, te wóor na ñépp ne kuy gane ñëw Tuubaa rekk, Sériñ Tuubaa rekk moo la fi àndi. Ngir mbooléem ñun ñi fi nekk am li ñu yaakaar ci Sériñ Tuubaa rekk moo nu fi bàyyi, te ku Sériñ Tuubaa taxa jóg la nga yaakaar danga ko am, ak koo mëna doon.” Fii nak la Sériñ Abdul Ahad seeree Abdu Juuf ci jëf jii mu tàmbali ci réew mi jëme ko ci mbooléem jullit yi, ak ci baykat yi ak ci Tuubaa giî nga xam ne ñun Muriid moom rekk lanu am. Moo tax Shaykh Abdullaahi Ahad wax ne lu nit defal ab Muriid Sériñ Tuubaa moo lay

[Page 5, Column 3]

fey lépp, lu nit defal Sériñ Tuubaa Muriid yi ñoo lay fay. Kon maa ngi koy sànt ci foofu mu teg Sériñ Tuubaa ak ni mu ko defe. Maa ngi koy sànt ci turu Muriid yi yépp ngir fii ci Tuubaa ñaari at yi mu fi def jëf na fi lu ñépp teg seen bët, ci loo xam ne luy sagal dëkk bi ak luy dimbali dëkk bi, te du nég ba ma laaj ko. Mooy xool rekk xam ne lii jaadu na ci dëkk bi mu def ko. Kon maa ngi koy gérëm ci turu Muriid yépp ci kaw ndigëlu Sériñ Tuubaa, ngir moo wax ne bu aji rafetal rafetalee ba ñëw ci sag wàll daadi koy sànt fa saa sa ci lu bir ñépp. Kon jëf na li mu mën ci Sériñ Tuubaa. Sériñ Tuubaa nak kenn mënul ci moom lu weesu yéene lu baax def ko. Te Yàlla dafa wax ne jëf ju rafet ju nekk la ko göna rafet lañu koy feye. Ma wëlbëtiku am lu ma ko denk, moom ci boppam loolu moo di melo wi mu won

[Page 6, Column 1]

réew mi ba ñu rafet ci moom njort, ñu am ci moom koolutéef bu ko dara delloo gànnaaw. Melow àdduna bu mu ko delloo gànnaaw. Melow nit ñi bu mu ku delloo gànnaaw ci loolu. Waxtu wu nekk na xam ne Yàlla moo bind ñépp te moo moom ñépp, te moo ko fab tek ko ca kanamu nit ñi. Nay jëfantéek nit ñi ci turu Yàlla mi nga xam ne moo moom ñépp. Bu ko defee du ko rëccu, ngir nit la mu doon def ba am la mu doon wut bu ko bàyyiwul du ko ñàkk. Te réew mi jàmm am na fi bu baax, ngir yérëm na baykat yi. Na fexe ba setal diggante nit ñi ak seen moroom. Maa ngi koy jottali ngérëmal Muriid yi ci li mu jëfal Sériñ Tuubaa, tey dénk Muriid yi ñu jàppale ko. Ma dijk nak ci sama mbokki kilifa diine yi. Mbooléem kilifak diine gu nekk Senegaal tey sa ndaw téew na fi. Kon nak loolu wone na ne lanu bëggoon Yàlla nàngul na nu ko.

[Page 6, Column 2]

Ndégam lanu doon def Yàlla rekk moo ko taxa jóg ak Líslaam, kon bi ci jullit yépp àndee nàngu koo fekkesi, nàngu koo teewesi, war nanoo rafet ñjort ci ne Yàlla nàngu na ko. Kon mbooléem kilifay diine yi fi teew ak yi fi seen ndaw teew maa ngi leen di sànt. Seenug pay nak Yàlla mi ko am te

jeexalul dara yàlla na leen fey lu kawe seen ñjort tey ak ëllég. Yeen sama mbokki taalube yi nuyu nañ leen, sànt nañu leen bu baax. Fi ngeen teg Sériñ Tuubaa ak li mu leen jaral lépp gis nanu ko, ndaxte ñetti fan ngeen nekk fii kenn amul fenn soxla. Waaye am na lu Sériñ Tuubaa waxoon. Dafa wax ne: "ku ma jox sa lépp, ma téyyél la sa lépp te defaral ko ko. Ku am loo ma jox ci sa bopp, ma defaral la la nga ma jox." Te yeen jox ngen seen lépp Sériñ Tuubaa. Na leen wóor ne nàngul na leen seen lépp. Kon na ngeen sàmmonte ak ay ndigélam. Na ngeen topp Yàlla, fonkante, te baña noonoo seen diggante. Wa Salaam, Alhaaji Bàmba

[Page 6, Column 3]

Shaykhu Ture, Peresidaa Réewum Gine:

Waxtaan wi mu def jëme ko ci Xaadimu Rasuul, Shaykh Ahmadu Bàmba

Réewum Gine baaxoo nañu at mu nekk ca njàngukaay bu mak ba, maanaam Inifersiti ba, dana génne kuréel bu mag ca ña fa ëpp xam-xam. Looloo tax ba renn bëgg na ñu jël fukkéel ak juróom ñaréelu kuréel ba nga xam ne ñoo génne ca daara ju mag ja, muy Inifersiti bu Konaakiri, kuréel boobu Shaykhu Ture mi ngi leen tudde Kureelu Shaykh Ahmadu Bàmba. Kon, lan moo waral kilifa googu di Shaykhu Ture am xalaat boobu? Maanaam xale yooyu jàng ba seen xam-xam nàcc mu leen di sargal, nee na leen tudde naa leen Kuréelu Xaadimu Rasuul ngir Xaadimu Rasuul wuute na

[Page 7, Column 1]

[Xaadimu Rasuul wuute na] ak ña fi nekkoon démb daan bañ. Daf leena jérggi ngir ka mu doon wut muy Rasuulul Laahi. Wut na ko ba am ko te muy xaritam ci lu kenn natalewul. Waaye Nasaraan bi ci ay fexéem ci la fexee, jël tånkam teg ci dëgg ngir bañ ñu xam kuy Xaadimu Rasuulul. Waaye réewum Afrik gépp ànd nañu di bañ ci kaw fattaliku jaloorey Xaadimu Rasuul. Muy loo xam ni siggil na képp ku nekk Afrik, góor ak jigéen te toroxal Nasaraan bi ci lu nëbbu ak lu feeñ. Lutax Sériñ Tuubaa raw ñépp? Boo seetee jamono booba ngànnaya amoona doole. Daanaka ñépp ci lañu leen faat. Ngànnaya yooyu li muy bari-bari mënu la tax benn bis Sériñ Tuubaa dellu gànnaaw

[Page 7, Column 2]

ci ligéeyu Sunu Boroom, Tabaaraka. Jamono booba yoonu Muriid nekk na kiiraay loo xam ne ci la ñépp daw làqu ngir mëna mucc. Mu nekk lu siggil Lislaam. Loolu tax Nasaraan bi jóg ngir tuumaal Xaadimu Rasuul. Jàpp ko ci fukki fan ci weeru Ut atum 1895. Yow miy jäng, boo seetloo da nga xam ne ku xam istwaaru Sériñ Tuubaa la ak lenn ci wàllu mbindëm ngir feeñal na Sériñ bi ci wàllu xam-xam ak jikko, ak ñí ko wëroon. Shaykh yi def na ci ñoom loo xam ne képp ku nekk ci ñoom da ngaa fees dell! Moom Shaykhu Ture nee na Sériñ Tuubaa wuute na ak Sériñ sa nga xam ne dañu daa jaamu Yàlla ngir seeni jëmmi jëmi bopp ca lañu tolluwoon. Moom Xaadimu Rasuul daf daan jaamu Yàlla di jariñ nit ñí, di leen aar ci lépp. Ku tiit mu dalal sa xel; ku ñàkk

[Page 7, Column 3]

mu jox la; ku xamul mu xamal la. Ci noonu lañu jàppe Xaadimu Rasuul génne ko réew mi ci atum 1895 ba atum 1902 ñu delloosi ko. Taxul Nasaraan bi mën ci moom dara. Jamono booba polotik ba nga xam ne moom la Wilyaam Ponti daan def mooy nan lañu mën di def ba xatal Sériñ Tuubaa ci réew mii. Waaye moom loolu lépp gisu ko. Moom mi ngi liggéeyal Yàlla ak Muhammad ngir mëna jariñ képp ku gëm Yàlla ak yonnen bi. Jamono boobu mooy 1902. Bind na ay téeré yoo xam ne dugg na ci réew mi. Nit ñí tambali koo yér, ba taxoon na delluseem ci réew mi nekkoon na lu am njariñ ci jullit yi. Ci atum 1923 ci la digle Tuubaa ngir mu nekk dëkk yoonu Muriid yépp. Mi ngi làqu sunuy bët atum 1927 ca Njaaréem. Ñu yóbbu ko Tuubaa. Àdduna bépp jooy ko ngir jeex gu mu jeex ci Rasuulu Laahi. Fii nak la Ahmadu Shaykhu Ture

[Page 8, Column 1]

jeexale, daaldi xamle nak kuréel boobu nga xam ne moo leen tudde Kuréelu Xaadimu Rasuul, ne leen na ngeen di def waxtu wu nekk seen xel ci Shaykh Ahmadu Bàmba, ngir bu nu amee jämm tey moo tax. Kon képp ko xam ne ci réew mi nga dëkk, wàlla foo mëna dëkk ci Afrik, nga jäpp Shaykh Ahmadu Bàmba ngir moo nekkal Rasuulu Laahi ba am ci lu ci kenn amul. Siggil mbooléem kuy nit

ku ñuul ak képp ku bokk ci Lislaam. Maa ngi leen di xamal ne Sériñ Tuubaa jógu fi. Dafa làqu sunuy bët. Te firnde ji moo di féeg benn Muriid mu ngi am ci àdduna, Sériñ Tuubaa Xaadimu Rasuul du fi jóg, rawatina àdduna bépp ànd nañu tey gëm ko te ëllég yéenay yor réew mi. Na ngeen def Sériñ Tuubaa muy seen royukaay. Jéréjef Sériñ Tuubaa! Jéréjef waa Senegaal! Yàlla na sunu kollëre gëna yaatu ci barkeb Sériñ Tuubaa! Yàlla na Afrik jëm kanam! Alhaaj Bàmba Juuf

[Page 8, Column 2]

Waxtaanu Sériñ Muhammad Maamuun Ñaŋ,

Sekarteeru Shaykh Abdullaahi Ahad al-Mbàkkiyu

Sériñ Muhammad Maamuun Ñaŋ tukki bum defoon ca Keer, te jaar fii ci Faraans (Pari). Def na fi ay waxtaan yu yaatu ngir leeral lu bari ci mbiru Xaadimu Rasuul. Te mu waxtaan kook waa mbootay gi muy mbootayu Lislaam biy yëngu fii ci Ërop te doon ay Muriid. Laaj nañu ko fa laaj yu am solo. Mu tontu. Laaj bu njëkk ba ki ko laaj mooy Sériñ Momar Cuun. Dafa laaj lan moo ëmb màggalu Tuubaa, ak naka lañu ko wara màggale, ak lan moo ko taxa jóg. Lii la ko Sériñ Maamuun tontu: “Képp ku mësa liggéeyal Yàlla, feyee na la bis. Bis boo xam ne bisu xéewël la. Bis yooyu sax, boo seetloo, am na nu mu dikke ak ka moom bis ba. Soo ko seetee Tabaski ci la Maam Ibraahiiima doon bëgga rendi Ismaila,

[Page 8, Column 3]

Sunu Boroom yonnee ko am xar, mu def ko Tabaski. Muy bisu xéewël ci doomi aadama yépp. Di bisu mbégte ci mbooléem jullit yi. Boo ko dee seet ba tey, ku mel ni sunu Maam Aadama, wàlla yonnent Yàlla Iisa, wàlla Muusaa ak ñeneen ak ñeneen. Ñooñu ñépp ku nekk am nga bis. Ngir lu mel ni Tamxarit nga seet itam, ku mel ni yonnent Yàlla Nuuhin, nga xam ne moom ca gaalam ga la dugal mbooléem ña ko gëmoon, daadi ñaan Yàlla Yàlla dimbali ko mu mucc mook ña mu àndal ñépp ca mbënnam ga. Mu daadi sànt Yàlla wax: “alḥamdu li l-Lāhi rabbi l-‘alamina.” Bis boobu dañu koy màggal. Maanam di ko bégee. Boo seetee Muusaa bis ba mu labale Firawna, ak yeneeni jaar-jaar yu

bari ci góori Yàlla yi ak yonnent yi. Kenn ku nekk am nga benn bis bu ñu la tånnal. Noonu itam la Sériñ Tuubaa amee ay bis. Waaye, bisub Sériñ Tuubaa wuute na ak bisub gaa ñooñu. Lan moo ci wuute?

[Page 9, Column 1]

Moo di ñooñu ñépp tuy yonnent yi ak seenug njaboot, lañu daan def mooy sànt sàntug xol ak sàntug làmmiñ, delloo ko Yàlla ci mucc ngi mu leen musal. Sériñ Tuubaa moom sànt gi tuy sànt Yàlla mooy nàttu yi ko Yàlla teg te mu tegoo ko, te ci biir mu seen ci xéewél yoo xam ne moo nara tåbbi ci biir nàttu yi. Moom bis boobu la taamu di ko sànte Yàlla ngir Sériñ Tuubaa loolu la wuutéek yeneen góor Yàlla yi. Ngir bis ba nga xam ne ci la génn réew mi ngir ay nàttu yu metti, moom bis booba lay màggal. Te ba tuy dem mbooléem coono bu ñu ko nara teg, xamoon na ko. Waaye dafa dem gàddu lépp ngir xam ne ab coono la bu naroona wàcc ci doomí aadama yi. Ba mu dellusee itam mësu la jóg di sànt Boroomam di ko gérém ci bis boobu. Litax ñu tudde ko Màggal gu Mag gi? Dafa nekk bis boo xam ne bisub sànt la, bisub delluwaat ci Yàlla, bisub jàng Alxuraan, bisub wéetal Yàlla. Boo seetee lañu fay jàng ci qasaa'id ak ci Alxuraan kenn mënu koo lim.

[Page 9, Column 2]

Lañ fay jàng ci Alxuraan jérgi na dayo, ba kenn mënu la xam lim ba. Fanaanee tågg yonnent ba. Loolu lépp mu delloo ko Yàlla, ci nàttu yi nga xam ni tegoon na ko ko, te mu tegoo ko. Kon loolu moo waral màggalu Tuubaa. Ñaareelu laaj ba moo di, ci yan sart lañu teg Màggal gi ak nan lañu koy defee? (Tontu): Maanaam ci bis yooyu, Tuubaa li tuy am ci ay gan xel mënu koo xalaat. Nit ñi daa ñu jóge fu nekk. La nga xam ne ñun moom lañu jàpp, Màggal gi dana tèdd ci ñetti fànn yii. Bis bu mujj ba, jàngkat ya ca lañuy fanaane jàng ba bët set. Ca suba ga nak ca lañuy ziyaaraji Barab bu Mag ba, dem ziyaareji kilifa yu mag ya, tuy waa kér Sériñ ba ak Shaykh yi ak barab yu sell ya. Maanaam, daa ngeen dégg la mag ñi daan wax naan Màggal gi mooy suñug Tabaskiwaat. Loolu, li ko waral moo di bu Màggal gi bu mësaana jot, lu dale ci géléem ba ci ganaar, fu sa doole tollu rekk ngay def.

Maanaam, moom ngay rey ngir bégal taalube yi yépp.

[Page 9, Column 3]

Gis ngeen Sériñ Abdullaahi Ahad na muy def. Dafay dalal taalube yi, di nuyoo ak ñoom, di leen teral.

Lu nit ñi bari-bari, mu toog di leen nuyu. Waaye du tax benn yoon mu faat waxtu, wàlla mu yéexa julli waxtu. Fu waxtu wi jotee rekk, mu jóg julli dikkaat ci taalube yi, moom Shaykh Abdullaahi Ahad.

Bis boobu dana rey li tambalee ci géléem ak nag ak xar ak ganaar, lu ci nekk ngir teral gan ñi. Fii nak lanuy yemale waxtaanu Sériñ Muhammad Maamuun Ñaṣ. Laaj yi ci des danañu ko génne ci Ndigël bii di ñów, Insha Allah. Kon lii mooy laaj ak tontu yu jóge ci mbootaayu Lislaam bi nekk Ërop, te ñu di ay Muriid te ñu defoon ko ak Sériñ Muhammad Maamuun Ñaṣ, Sekarterr Seneraalu Xaliifa

Seneraalu Yoonu Muriid. Wa salaam, Ndigël mooy yoonu Muriidu l-Lāhi! Ndigël la voix du

Mouride.

[Page 10, Column 1]

Taariix bii mu jém ci naka lanuy xalaate ci wàllu Lislaam. Ki ko def muy Sériñ Ahmadu Darame, muy Sekarterru Mbootaayu Lislaam bi Muriid yi sos fii ci Ërop, te ñu nekk fii Faraas. Fànn bu njëkk ba: Lislaam lan moo ko waral? Ñaareel ba: kañ la tambali ak nu mu yëngoo, fan la jeexe? Ñetteel ba: fan la tëdd? Ñenteel ba: dundug Muhammad, şalla l-Lāhu ‘alayhi wa sallam. Juróomeel ba: mu di xalifa yi ak réew yi nga xam ne am nañu Lislaam, te ba ca njëkk di réewu Umiyya, ba ca top di Abbasid, ba ca di Faatimi. Juróom benneel ba: di daara yi nga xam ne nií ñoo sosu ci biir Lislaam ak seeni xalaat. Juróom ñaareel ba: daaray Tuubaa ak la nga xam ne meññ na ko ci wàllu ñam ci xel ak xalaat kii nga xam ne moom lañu bëgga waxtaane dundam: muy Rasuulul Laahi, şalla l-Lāhu ‘alayhi wa sallam.

[Page 10, Column 2]

Rasuulul Laahi nekkul rekk koo xam ne ag njàmbaaram ci ne ko Nasaraan yi xalaate, wàlla daan xeex ci ay fexéem nit ñi topp ko. Ni ko taarix nettale, dafa nekk koo xam ne dafa àndiwaale loo xam ne daf ciy dundal xeetam wépp, moom Muhammad. Ba mu nekkee xalel ci ȝâhir, lu doon nàqar ak tiis

dal na ci kawam. Jirim la, amul ku ko topptoo. Am soxla te du am lu mu ko faje. Lépp dal na Rasuulul Laahi. Waaye lii lépp Sunu Boroom dafa ko doon nàttu ngir lum waroona doon ëllég. Allâhuma şalli 'alâ Sayyidinâ Muḥammadîn. Gànnaw loolu lépp, lu jiituy lâqu sunuy bêt, Lislaam nekkon na diine joo xam ne am na ñu dëkkoon foofa ca Mâkka te ànduñu ca, ak Madiina. Ngîirub dundam, moom Rasuulul Laahi, la ko yitteloon moo di jottali nit ñî li ko Sunu Boroom jox. Muy seet ñoo xam ne ñu mu wóolu lañu, dana leen ko mëna bàyyee, ndax bu ëllégee mu mëna tas ci àdduna bi ngir moom. Muhammad, Rasuulul Laahi, şalla l-Lâhu 'alayhi wa sallam.

[Page 10, Column 3]

la mu àndi muy diiney Lislaam, dafa mat sëkk ci wet gu nekk. Waaye tas gu mu waroona tas ci ñépp lañu gëmoon te du dara. Mu daadi nekkoon, jamono ba xatoon na ba diir ba mu yokkee mayu ko ko woon. Ag nàqarib jamono moo tax it faranfâcce googu yépp ñu ngî ko def ci gânnawam. Gânnaw ba nga xamee ne dem na Madiina ba noppalu, liggyey boobu it ña nga xam ne ñoo ko def ñoo doon saabaam ya ko gënoona jege. Nekkoon na liggyey bu mag, bu metti, ngir dañoo waroona génnee Lislaam yóbbu ko ci gox yépp, ci kaw xel ak xalaat te léeg-léeg mu àndak xeex, ngir ci noonu la saabyi, maanaam saaba ya ko gënoona jege, faranfâcce ya nga xam ne têrëloon nañu ko mu jëm ci sarti Lislaam. Ci loolu nak, yëngu-yëngu yi gëna rëy ci wàllu xeex ak xiiro ci la tambalee judduwaat ci yoonu Lislaam, ndaxte lépp lu fi Muhammad bàyyiwoon, muy lu ñuy têrël wa ilaa lu muy digël nit ñî, dañu koo teg fee di doxe seenum xel, ndaxte sax, ba Rasuulul Laahi làqoo àndiwoon na coow lu mag, ci nan lañu wara wuutoo Rasuulul Laahi ak kan moo ko wara

[Page 11, Column 1]

[wuutu] ak kan moo ko gëna jege ci deret. Féewaloo ga yépp ma nga tambalee li ci ëpp ci jamonoy Sayyidina Aliyyu ba mu toogee ci xilaafa ga. Kon, ñaareelu waxtaan wa ci wàllu Lislaam ak tambaléem ak dayoom ak mayam ci set gu Lislaam set. Ma nga juddoo Yaşru, maanaam muy turu Madînatu l-Munawwara ca jamonoy Rasuulul Laahi. Moo doon ndéyi siiflisaasiyoo Lislaam.

Gànnaw gi Rasuulul Laahi làqoo sunuy bët, am na siiflisaasiyoo yoo xam ne juddu na fa ca xalaafag Abuubikrin. Gànnaw moom Sayyidina Umar, gànnaw ba Usmaan, gànnaw ba Aliyyu. Moom nak, ag xilaafaam gu metti la ngir ka ko doon xeex muy Maawiya ku amoon doole la woon. Jamono jooju ci wàllu Lislaam, nga xam ne dafa woote benn bis ba ñépp ñów foofa ca Damaas, mu wax ne bis bii ni ki tey man maay Xaliifa ci Lislaam. Daaldi bëgga bitarñi la nga xam ne moom la xetu Muhammad téréloon mu di Aliyyu nekk wuutaayu Muhammad ci kaw suuf. Jamono booba ci la Maawiya tambalee bëgga def péeyi réewu Lislaam muy Damaas; maanaam toxale ko Makkka ak Madiina yóbbu ko Damaas.

[Page 11, Column 2]

Gànnaw Maawiya, ka wuutu mooy Yasiit, muy doomam. Moo dajale mboolo mu tàkku dem ca yeneen réew ya, ngir xeex ak ñoom ngir sàmp Lislaam. Gànnaw Yasiit, ka ko wuutu ci wàllu xeex ngir yokk Lislaam moo di al-Mukhtaar. Moo meñ xam-xam yi gëna mag tey, tey jariñ àdduna yépp. Ca jamonoy al-Muktaar moomu muy ñetteelu xaliifatu Maawiya ci la coow lu mak tambali. Muy ñi àndoona ak Sayyidinaa Aliyyu muy sayid ya ak sunat yi, daaldi wëlbëtiku dal ci kaw al-Muqtaar ci kaw ñoom seen gis-gis moo di ki wara wuutu Muhammad mooy Sayyidinaa Aliyyu. Li ñu leen tuumaale itam ñoom waa-kér Maawiya moo di dañuy jëfe la Muhammad àndiwoon ci dhaahir ci kaw seen bâneex rekk, waaye lépp lu jëm ci wéetal Yalla waxuñu ca dara. Loolu bokk na ci litax ñu dal ci seen kaw. Sayid yooyu nak ñoom ba Muhammad làqoo, doyloowuñu kenn, lu dul di jëfe la mu àndi muy sunna. Ci la daara yi tambalee sosu. Muy daara yi jur tasawuuf ji nga xam ne ñoo dooleel waa-kér Sayyidinaa Aliyyu ba ñu mëna dal ci kaw Maawiya. Bokk na ci réewum Pers ña fa nekkoon tey doora dugg ci Lislaam, ñooñu ñoo

[Page 11, Column 3]

àndak waa kér Sayyidinaa Aliyyu di xeex ba nangu nguur ga ca Maawiya, toxale ko yóbbu ko Bagdaad ca Iraak. Jamono booba Iraak moo doon kapitaalu Abbaasit yi. Jamono booba ci la nguurug

Maawiya daanu. Abbaasit yi daadi tambali. Gànnnaaw ba nak dikk nañu ci réew yu mag yu bari.

Gànnnaaw ba réewum Iraa ak réewum Iraak boole seen xam-xam boo xam ne ñoo ngi ko jéléewoon réewum Siri, daadi mankoo nak ngir saxal Lislaam. Ca lañu dugge réewum Esipt ak réewum Tîrka. Jamono boobu ci wàllum xarala ak xel ak xalaat ci wàllu tabax ak luy yóbbu doomu aadama kanam, lépp Lislaam géne ko ba tey ñu ciy jariñu. Xam-xamu Filosoof ñu koy wax Falsafa mi ngi tambalee ci nguurug Umiyaat yi, ak xam-xamu kalkil, ak xam-xam yu bari Lislaam moo ko meññ. Ay xaliifa yu bari sosuwaat nañu. Waaye loolu danañu ci dikkaat ci nimoro Ndígél bii di ñëwaat. Kii nga xam ne moo def artiikal bii moo di Sériñ Ahmadu Daraame. Ndígél bii di ñów danañu ko gëna léeral ba agsi ci Xaadimu Rasuulul Laahi, şalla l-Lâhu 'alayhi wa sallam. Jéréjef Xaadimu Rasuul, Shaykh Ahmadu al-Mbàkkiyu, Tuubaa Senegaal!

[Page 12, Column 1]

Ñaari ràkka yi ñuy def ci joróomi fan ci weeru Septambar ci at mu nekk ca Ndár, muy loo xam ne saa yu jubsee rekk waa Senegaal yépp seen xel dana dellu ci xalaat Sériñ Tuubaa, di màggal bis boobu ca Ndár ngir jëmmu Boroom Tuubaa. Ngir seet nañu ci wàllu istuwaar muy taarix, am na ci bis yoo xam ne yu am solo la. Bis yoo xam ne saa yu ñówee war nañoo dajaloo ngir Yàlla màggal ko. Ci la waa Ndár tånn bis booba. Muy juróomi fan ci weeru Septambar ngir gis nañu ne ca lañu woo Sériñ Tuubaa ca biro ba ca Ndár, ngir bëgga fey Lislaam. Ngir booba ñoom Nasaraan yi daane nañu mbooléem ña ñu doon xeexal ci wàllu ngànnaya, wélbétiku nak jém ci sériñ si ngir bëgga daaneel Lislaam ngir taxawal seen diine. Ngir xam nañu ne diirub Lislaam di taxaw, li ñu bëgg duñu ko mëna am. Bis boobu ca la Sériñ Tuubaa dolli gëm ñi gëmoon, gëmlloo ñi gëmul. Daadi jël léppam jox Yàlla ak Rasuulu Laahi. Bis boobu ci la Sériñ Tuubaa wone ne ci wàllu xel ak xalaat, ak xàmme ak xéewél, Yàlla wàccewu ko ci nit ku weex bàyyi ku ñuul.

[Page 12, Column 2]

Ñépp la ko boole. Bis boobu ci la Sériñ Tuubaa fóot Lislaam ba mu gëna set. Ci la toroxal Nasaraan bi. Firnde ji moo di ba mu yegsee dafa daaldi kàbbar julli ñaari ràkka. Ñaari ràkka yooyu moom lañuy màggal ca Ndár, doora wax Nasaraan yi lu ngeen may doye. Bis booba nak la waa Ndár di màggal at mu nekk, di ci nettali ay mbindam, di ci jàng Alxuraan, muy bisub Lislaam. Tax na itam ba dañu ciy woo mbooléem képp ku díb jullit ci Senegaal ak ci bitim réew mi; ñépp téew fa. Waa Dakaar ak Cees ak Kawlax ak mbooléem reesiyyoo yi nekk Senegaal, waa Risaatool ak Dagana ak mbooléem waa Daara, rawitina daayira yi danañu fa def ay keemtaan. Ci wàllu xarala, manaam ay nataal, daayira Xidmatul Xadiim ñoo ko fa wone bu Cees. Guddi ga nak ñu ngi ko tudde guddig Maam Shaaykh Ibraahiima, ràkki Sériñ Tuubaa. Moo tax Sériñ Shaykh Awa Bàlla Mbàkke yebal fa ab taawam mu ànd ak mbooloo. Sériñ Murtlaa Mbàkke, jàngalekatu Araab ca Cees moo def waxtaan wa. Sériñ Murtalaa Mbàkke ibn Xaadimu Rasuul téew na fa, sànt na fa mbooloo ma mépp. Ñu ngi xamal àdduna bi ne fas nañu yéenee at mu nekk ñu koy màggal, di ca woo bépp jullit, bépp taalube. Ki nga xam ne moo ko jiite muy Sériñ Madike Wad ak mbooloo ma mu bokkal liggéey bi, ñoo ñaan Yàlla yàggal taxawaayu Shaykh Abdullaahi Ahad ci sunu kanam. Wa şalātu wa salaam.

[Page 12, Column 3]

Mouvement Islamique des Mourides d'Europe (MIME)

Mbootaayu Lislaam bu Muriid yi nekk fii ci Ërop

Ca jamono yi weesu yebaloon nañu ay nit ñu dem ca Marok ngir daje faak Iiñoo Kiltirel ba fa nekk ngir waxtaan ak ñoom ci loo xam ne dina mëna yaatal liggéey bi foofa ca Marok. Ña fa teewoon muy Sériñ Ahmadu Daraame ak Sériñ Shaykh Sàll. Ba ñu dellusee, rafet nañu ñjort ca lañu doon dox bu baax. Te ñoom itam seen xol sedd na ci lool. Kon am nañu yaakaar ci ne jamono yii di ñów danañu fa sàmp liggéey ba, insha Allah. Ci yoon woowu daje nañu fa ak Sériñ Mustafaa Basiiru Mbàkke. Waxtaan nañook moom. Am na laaj yu ñu ko laaj mu tontu leen laaj bu ci nekk. Laaj bu njëkk ba

moo di màggal gi kañ la tambali? Sëriñ Mustafaa Basiiru: Màggal gi Sëriñ Muhammadu Mustafaa ibn Shaykhul Xadiim moo ko njékka woote, gànnaaw ba Shaykh Alhaaji Muhammadu Falilu Mbàkke. Waaye nak ci xilaafag Shaykh Muhammadu Mustafaa moom màggal gi ñi ngi ko doon def bis ba fi Sëriñ Tuubaa làqo sunuy bët. Gànnaaw nak bi Sëriñ Muhammadu Mustafaa làqoo,

[Page 13, Column 1]

bi Sëriñ Fàllu toogee ci xilaafa gi, ci la ko def bis bi mu génnee réew mi ngir liggéeyal Rasuulul Laahi. Noonu itam la ko Sëriñ Muhammadu Mustafaa yéenewoona defe. Sëriñ Fàllu moo ko yeggali. Bis booba ci la Sunu Boroom digal Sëriñ Tuubaa ngir mu génn réew mi ci liggéey boobu. Lépp lu ñu am ca la nu ko ame. Sëriñ Tuubaa ci boppam nee na bis boobu waxtu wu mu dikkee, na ngeen ko def mu mel ni Tabaski ci yeen. Gis ngeen Shakyh Abdullaahi Ahad, bu bis boobu jubeer rekk dana wax ci rajo bi ñépp dégg. Mu yeesalaat lu jëm ci wàllu Màggal gi. Waxtu wu ñu jàppée bis bi rekk, moom Shaykh Abdullaahi Ahad dafay woo Sëriñ Mustafaa Basiiru. Su ko defee lépp lu jëm ci Màggal gi mu taxaw ci. Mu daaldi wax ci rajo bi ngir lu jàppandil dikkub taalube yi ak lan mooy njaríñal Màggal gi, ak lu ko taxa jóg. Laaj nan ko fa itam, maanam Tuubaa gis nañu bisub Màggal gi dana bari nit ba nga xam ne kenn mënu koo xayma, ñu bëggoona xam ci wàllu dalal gan ñi dangeen koy waxtaane wàlla kenn ku nekk rekk dafay seet ci xelam lu baax mu def ko ba gan ñi duñu tumuranke? Gànnaaw loolu, naka lay doxe ak itam liggéey bi naka lañu koy seddalee? Su Màggal gi weesoo itam naka lañuy setale Tuubaa?

[Page 13, Column 2]

Tontul Sëriñ Mustafaa Basiiru Mbàkke: Mu ne moom ci jëmmi boppam, Sëriñ Abdullaahi Ahad Mbàkke, moo ko jox ndigél ngir mu jiite Màggal gi, yor ko. Loolu war naa tollu ci ay at booba ak léegi. Yàlla dimbali ko ba taxawu na ko ba lépp tegu ci yoon. Te at mu nekk, maak ñi nga xam ne ñoo koy doxal danañu ko xalaat ci diir bu yàgg. Taalube yi nak, ku ciy ñów da nga ñów ak fa sa kàttanam tollu. Loolu bokk na ci li leen di dimbali. Te itam Tuubaa dafa nekk ci biir Afrik, te Afrik

ñépp xam nañu leen ci seen fonk gu ñu fonk gan. Ba tax na waa Tuubaa gépp dañuy yaatal seen bopp ci ñépp ba ku fa ñów doo am coono ci wàllu lekk ak naan ak ab dal. Am na ci ñoo xam ne duñu nég ba ñu leen koy sànt. Dañoo xam ne lu baax la te war na leen rekk, ñu def ko ngir Sériñ bi. Sériñ Abdullaahi Ahad dana wax ci rajo bi ngir ñu yaatal gan ñi, dalal leen. Mbooloo ma nak dana tàkku lool, te ku nekk bëgga ziyyara. Rawatina mbooloo moomu am na ci ñuy jaxasoo ak ñoom sol mbubbi Baay-faal te duñu ay Baay-faal. Te itam leneen moo leen fa àndi. Moo taxoon Shaykh Abdullaahi Ahad joxewoon ndigël ci ñooñu, ndaxte bu Shaykh Abdullaahi Ahad Mbàkke

[Page 13, Column 3]

soxlaa Baay-faal yi, dafa wax ak ki nga xam ne mooy seen kilifa muy Sériñ Asan Faal, te tey muy Shaykh Abdu Sakkóor Faal. Ñooñu nga xam ne ñoo taxaw taxawaayu Maam Shaykh Ibraahiiima Faal. Ñooñu kenn du leen jaawale, ndaxte ñi dégg ndigël lañu. Ñu fonk li ñu nekk lañu. Ñu xam li ñu nekk lañu. Ñu fonk yoon wi lañu. Te lu ñu yëngu yoon wi rekka tax. Ñooñu ñooy ñiy dimbali yoon wi. Am na itam ci biir kér sérin si ay Baal-faal yoo xam ne fa lu ñu féetéwoo ci wàllu togg ak root ak itam lépp luy jëm ci dimbale gan ñi. Am na ba tay yeneen laaj yoo xam ne laajoon nañu ko Sériñ ba. Dinanu ko génne ci Ndigël bii di ñów, insha Allah. Sériñ Mustafaa Basiiru ak Mbootaayu Lislaam bi nekk Ërop, Faraans. Wa şalātu wa salām.

Daa'iratu Mubaarakaa ca Ndár, ci njíital Shaykh Abdullaahi Saar, tambali nañu 1974 di def ab màggal jagleel ko Shaykh Abdul Kariim Sàmba Jaara Mbay muy koo xam ne taalube Sériñ Tuubaa bu mag la. Bokk na itam ci Shaykh yu mag yi, rawatina ci woykat yi Lislaam amoon. Ay jàmbaar

[Page 14, Column 1]

yoo xam ne mësuñoo nàngoo fekk fenn fu Lislaam di tumurankee. Noonu itam la ame ci waa kér Xaadimu Rasuul. Moom Shaykh Abdul Kariim, kenn la ci jàmbaar yooyu. Nekk na koo xam ne semmal na mbooléem waa Senegaal ci toolu Sériñ Tuubaa, ak jeex gu mu jeex ci Sériñ Tuubaa ci

jamono bi nga xam ne Lislaam tumurankewoon na. Yoonu Muriid itam tuutiwoon na ci dhaahir. Ay mbindam nekkoon na lu jéggii dayoo. Feeñal na ay njariñ yoo xam ne ku nekk ci réew mi war nga koo xam, ndax nga mën ci jariñ ci wàllu taalifam. Lu deme ni *Gànnhaar* ak lu deme ni *Jazbu l-Majdhub*. Te noonu mu mënee Wolof, noonu la mënee Araab. Ngir moom nee na: Nekkul ni moom mooy wax. Waaye Sériñ Tuubaa mooy wax, ngir moom waxande la wuñ tēj. Du wax. Su ñu ko ubbee muy làmmiñam! Måggal gi nak nii lanu koy doxale. Ginnaaw Tisbaar, daa'ira (daayira) yépp dananu tase jàng qasaa'id ak zikrul Laahi. Bu ñu fa jógee, dananu dem ca sëg ya ziyaariji Shaykh Abdul Kariim. Def fa ay waxtaan ak ay ñaan. Ki koy ubbi mooy Shaykh Abdullaay Saar. Gànnaw loolu, njabootu Shaykh Sàmba Jaara danañu sànt mbooloo ma. Su ko defee Shaykh Mbàkke may ab taawam, daadi ñaanal mbooloo ma.

[Page 14, Column 2]

Guddi googu nak danañu ko def at mu nekk. Ñoo ngi ciy woo bépp taalube. At mee weesu nak mbooléem ku ñu ci ayle noo ngi lay sànt bu baax. Yàlla na Sériñ Shaykh Abdullaahi Ahad yàgg ci sunu kanam. Wa salaam. Jéréjéf Sériñ Tuubaa!

Shaykh Abdullaahi Jéey

Mín nūri Ahmadu Bàmba tārika l-nāsi khayru il-Lāhi wa l-amsā sayyidi l-nāsi!

Shaykh Abdullaahi Jéey nee na maa ngi jagleel tággi Shakh Ahmadu Bàmba mii nga xam ne dafa dëddu mbindéef yi jublu Yàlla, Boroomam, ba Yàlla def ko moy Boroom nit ñi. Waxante bi nga xam ne am na ci diggànte Maajoor ak Majaxate Kala mooy li jur wax ju rafet ji, ñu jubale ko Sériñ Tuubaa. Gànnaw bi baayam faatoo, moy Maam Moor Anta Sali Mbàkke, ci la Sériñ Tuubaa jóg sànc Daaru Salaam, gànnaaw bi Tuubaa, ci ndigél Rasuulul Laahi. Mu sànc fu ñuy wax Mbàkke-Baari.

Foofa nak nekk na fa juróom benni weer doora génn liggéeyali sàng bu tedd ba ci atum 1895.

[Page 14, Column 3]

Ci loolu nak, jaabante ga nga xam ne doon na ko def di wér réew mi ci la Nasaraan bi tiite ngir xam ne Sériñ Tuubaa nitu Yàlla bu wér la. Te itam génne gim doon génne doomi aadama yi ci njàqare ak ci ay tiis daana tax ñuy bàyyikoo fu nekk di ñów ci moom. Loolu itam tiital Nasaraan bi, ndaxte booba Nasaraan yi lañ bëggoon moo di saxal ci nit ñi diine joo xam ne dana mëna mengoo ak seeni bëgg-bëgg. Ci noonu lañu xalaate dajaloo ngir sosal Sériñ Tuubaa génne ko réew mi. Yóbbu ko ngir sànk ko. Bataaxal yií nak ñooy ñaari bataaxal yi nga xam ne ñoo génne Sériñ Tuubaa réew mi. Muy ba Nasaraan yi dajee ba noppí, dajeb juróomi fan ci weeru Septambar atum 1895.

Yaw kilifa gi nga xam ne yaa yore mbirum polotik ci bitim réew mi, maa ngi lay xamal ni daje nañu ci kaw waxtaan woo xam ne def nañu ko mu jém ci yëngu boo xam ne Sériñ Tuubaa mi ngi koy yëngu ci biir réew mi. Yëngu boobu nak yegg na Kajoor, Bawol ak Njaambur ak Waalo. Loolu lépp nak, gànnaw bi ñu woowee Sériñ Tuubaa ba laaj ko li nga xam ne moom lañu ko jiiñ, kelifa gu mag ga laaj na ñépp. Waaye ñoom ñépp seen wax mooy

[Page 15, Column 1]

la kelifa gu mag ga wax. Moom nak lii la wax: "Yow Ministar bi yor mbirum nootéel gi fii ci Afrik, maa ngi lay xamal ne sunu daje bi ñu def ci juróomi fan ci weeru Septambar mu jém ci Muhammadul Mbàkkiyyu mook ay taalubéem, ku ñuy wax Lékelerk moo demoon Jolof ak Njambur moo ko nettali. Gis na yëngu-yëngu ya nga xam ne Mamadu Mbàkke mi ngi ko fay yëngu. Kilifa ya nekkoon foofa yépp dem nañu fa ngir jóg ji ca loolu, ba jàpp nañu seen xel ñu ne ngir loolu saafarawu fàwwu ñu génne Sériñ bi réew mi." Ba nga xamee ne daje nañu ba waxtaan, ba dégg loolu leen Merlin wax mboolo mépp, am na ñu ne dañu koy génne réew mi yóbbu ko Gaboo, ba yëngu-yëngu yi dal. "Ahmadu Bàmba moom danañu ko génne réew mi yóbbu ko Libarwiil. Gaal gi koy

yóbbu dina jaar Ndakaaru ci ñaar fukki fan ak benn danañu ko jox itam lu tolloo ak fukki dörém ci weer wu nekk. Kon yaw Kelifa gi, man Gufernér maa lay jottali mbir moomu nga xam ni mooy daje bi nga xam ne defoon nañu ko ci juróomi fan ci weeru Septambar 1895.” Loolu lañu farataal ñaari bataaxal yi. Kon nekk na lu ñu wara seetaat ci barab yooyu nga xam ne Nasaraan bi bëgg na faa yóbbu Sériñ bi, ndaxte seen xalaat boobu dafa dëppook la amoon ca Baghdad, wàlla ma ñu koy fattali, ba nga xamee ni jullit ya dañoo booloo ngir xeex diiney Kerecee ña fa nekkoon bëggga noot jullit yi. Moo tax Sériñ Muusaa Ka wax na ne, bi Sériñ Tuubaa jaaree Ndar mujji na mu mel ni Tuubaa

[Page 15, Column 2]

ci moom ngir ni ko taalube yi taxawoo foofa ca Ndar. Ba tey Sériñ Ahmadu Njaay Maabéey doon kelifa diine gu mag ak ay kelifa diine yu bari daje nañu ngir bind benn leetar Gufernér. Waaye moom Gufernér ba mu gisee leetar ba muy leetar buy tinul Shaykh Ahmadu Bâmba dafa daaldi gantal. Ñu nga naan ko ca biir leetar ba kii Yàlla rekk moo tax muy yëngu ak yonnent bi. Waaye àdduna taxul muy yëngu. Naan ko lii ak njuumte la, waaye Sériñ Bâmba jaamukatu Yàlla rekk la. Waaye Nasaraan bi dafa daadi wax ne wax ji dëgérul ngir ki tax ñu koy wax ñówul ci ndaje bi. Loolu lépp nak ay fexe la ngir bañ leena dimbali. Sériñ Ahmadu Njaay Maabéey daadi àndak mbooloo ma génn dem seeti Sériñ Tuubaa fa mu nekk. Ba ñu yegsee ba waxtaan ba noppi, Sériñ bi daadi wax ne: “ñaari nit ñu songoo ngay wax ki ñu tooñ mu jéggalu ki ko tooñ. Loolu yenuwul maanaal! Yeen nak bu leen am genn jaaxle. Damay liggéyi. Léegi ma dellusi. Yaw Ahmadu Njaay yaa may seere, insha Allah. Di naa dem ci jàmm, dikk ci jàmm.” Waaye lan moo tax Nasaraan bi tàng Gaboñ ngir yóbbu fa Sériñ bi? Loolu li ñu ciy leeral moo di am na benn téeré bu tudd *Tambali Gestu lu Jëm ci Tukkib Sériñ Tuubaa*, danañu ca leeral pexe yi nga xam ne Nasaraan bi amoon na ko ci faat ay bàkkan ci ñi ko lëjëloon. La mayoon doole Nasaraan bi moo di réew yi nga xam ne nekkoon na fa ba moom ko ci biir Afrik, te gox yi wuute lool ci wàllu tàngaay ak ay ñàng.

[Page 15, Column 3]

Ci misaal, aw fas boo ko jëlee Luga yóbbu ko Kaasamaas, boo sàgganee rekk mu faatu, waxuma laa nak boo ko ci jubloo, ngir am na fa yuy mätte yoo xam ne du ko mëna dékku. Noonu nak lañu doon def nit ñi ci jamonoy Tubaab yi. Su ko defee waa réew mi ñóom duñu xam lu ñu ca jublu. Am na kilifa yu bari yu Nasaraan bi jàpp faat leen ci noonu. Ku mel ni Sharif Amala, ma nga dëkkoon Ñooro. Nasaraan bi yóbbu na ko Bamako. Jële ko fa yóbbu ko Ndár. Jële ko fa Alseeri. Jële ko fa yóbbu ko Faraas ci atum 1945. Ci la faatu ca Faraas, ci opitaal Moolisoo. Nga gis Saamoori Ture ak doomam ak ñenti soxnaam ak juroom ñaari jaamam. Am na ràkkam ju ñuy wax Baakari Ture, ñu ngi ko yóbbu Madagaskaar, foofa la faatoo 1896. Am na benn Gabone mi ngi tudd Waama, moom itam Senegaal ca Ndár lañu ko yóbbuwoon. Ku ñuy wax Behansee mooy buuru Dawmee, ñu yobbu ko Alseeri. Ku ñuy wax Demba Araab ak Muhammadu Abdu ñoom ñépp ñu yobbu leen Gaboo. Fa lañu faatoo. Bu ñu ko toppoon du jeex mukk. Kon ci beneen Ndigël bii di ñëw dina gëna leer, insha Allah. Sériñ Tuubaa amul moroom!

Waa mbootaayu Lislaam bi nekk Ërop ñoo ngi am nàqar ak tiis di tágge seen mbokkum taalube bu baax, ñu koy wax Masira Jóob. Faatu na ca Turwa ñu yóbbu ko Senegaal. Ñu ngi koy jaale ay mbokkam yépp, góor ak jigéen.

Am na benn kooferaas bu ñu doon def ca UNESCO. Ña ko doon def mooy wa Islaam ak Xeetu Ërop. Waa mbootaay gi teew nañu fa ànd ak Shaykh Abdullaahi Jéey mu waxtaan fa ak Tubaab yi ba dugal leen ci mbirum Sériñ Tuubaa.

[Page 16, Column 1]

Céy Sériñ Tuubaa! Sériñ Yunus Jóob moo ko bind, Etijaa ci Faraas

"Katabtu fi l-bahri anni lā muda yadī illā Naşarā 'abīdi l-mā'i wa l-ṭīni," Sériñ Tuubaa dafa wax ne mësu ma a tållal te dumा tållal sama loxo Nasaraan bi nga xam ne duñu dara ludul jaamukati suuf ak ban. Céy Sériñ Tuubaa, moom mi génne jaam ñi ci lëndëm yóbbu leen ci leer! Xamal nit ñi ba ñu xam, te kuy jëfe li Yàlla bëgg ak yonnent bi, te mi ngi ko def jamono bi nga xame ne ci la Nasaraan bi bëgga fay Lislaam ngir taxawal li mu nekk. Kon boo seeetloo lu Sériñ Tuubaa mësa def rekk ci biir yëngoom, am na ci lu ñu wara fattaliku ngir mooy ndamal nit ku ñuul. Tey ndamal Lislaam yépp ba gacceel Nasaraan bi. Céy Sériñ Tuubaa! Mi ngi fekk baax ci réew mu nekk ci ay loxoy Nasaraan. Waaye lépp loo xam ne wàllu xalaat la, wàlla jëf la, wàlla dimbali nit ñi la, lépp mi ngi koy jëflanteek waa réew mi, ba noppí taxawal ci réew mi ñoo xam ne seen yëngu ak seen dal lépp ci Lislaam la jém. Céy Sériñ Tuubaa! Daan na wax naa: "dinaa dundalaat suuf su mag. Dinaa ci ji jiwu woo xam ne ngóob ma dana jariñ képp-képp kuy doomi aadama, ci darajay Muhammad. Ba noppí di defar nit ñi di leen xamal lu jafe. Lu jafe ma yombalal leen ko." Bokk na ci lu deme ni Muhammadu Yadaali dafa daan seet lu mengook nit ñi mu leeral ko ca, ba ñu xam ko ca Araab ak Wolof yu leer. Am na benn Kumandaa buñuy wax Kumandaa Lasal, doktoor la woon bu daan yëdu Sériñ bi. Waaye dafa mujj di tagg Sériñ bi. Kon ci gättal, Sériñ Tuubaa amul moroom!

[Page 16, Column 2]

Leetar bii waa Mbootaayu Islaam bu Muriid yi nekk Ërop ñoo ko

bind Peresidaa Abdu Juuf ngir jaarale ko ci Ambasadér bi

Ñoo ngi xamle ci leetar ba, ñun ñoo ngi ci gànnaaw Shaykh Abdullaahi Ahad Mbàkke. Fas yéenee li mu ñu digal, ñu def ko. Ñoo ngi wone sunug jàppale gu amul benn sikki-sakka ci Peresidaa Abdu Juuf, ci kaw ndigél sunu yaakaar tey ak ëllég. Kon Yàlla na Senegaal jém kanam. Yow kelifa gi, ñoo

ngi lay nuyu ci turu wa daa’ira bi. Wa salaam

Am na ag coppite gu am ci turu asosiyaasiyoo bi. Nu tudde ko Asosiyaasiyoo Etijan yi. Dàq nanu tur woowu. Ngir yaatal ba ñépp xaj ci moo tax ñu tudde ko léegi “MIME,” ci waxy Nasaraan. Muy Mbootaayu Islaam bu Muriid yi nekk Ërop. Ñoo ngi xamle jullit yépp ñoo ko bokk ak Muriid yépp, góor ak jigéen.

Mouvement Islamique des Mourides d’Europe (MIME)

Lii mooy waxtaan wi nga xam ne ñaari kelifa yu mag def nañu ko, muy ay laaj ak ay tontu. Lépp sax du mëna xaj ci surnaal bi. Waaye Ndigél bii di ñów, lépp lu ñu ci tënk danañu ko leeral. Ñaari kelifa yooyu nak kenn ki mooy Sériñ Saar Jóob, Peresidaa Mbootaayu Islaam bu Muriid yi nekk Ërop. Kilifa ga mu doon laaj mooy Faransis Lama, muy ab Tubaab boo xam ne yëngoom lépp

[Page 16, Column 3]

daf koy def ci Islaam. Moom Faransis Lama mooy njiital Kuréelu Islaam bi nekk Ërop. Sériñ Duudu Saar Jóob, laaj bu njékk ba, lan moo waral yeen Nasaraan yi ngeen wëlbtiku rekk di wax tusuur ci Islaam? Li nu ci gëna jaaxal mooy kelifa yu deme ni yeen, nga xam ne dañ leena xam ci lu bari. Loolu lanu bëggon ag léeral. Faransis Lama: “Islaam dafa nekk lu yaatu ci wàllu luy leeral nit ci doxalinam, ci diggante nit ak ay mbokkam, ak diggantéem ak Yalla. Ci misaal, Islaam dafay siflisaasiyoo. Kon lépp loo xam ne danañu ko mëna tolloole ak Ërop ci sunu gis-gis, ndaxte Ërop itam dafa nekk loo xam ne siflisaasiyoo la ci wàllu liggéey, ci wàllu xam-xam ak lépp lu ëmb doomi aadama. Te itam siflisaasiyoo yooyu dañoo wara toog waxtaan, ndaxte loolu mooy dundal siflisaasoyoo yooyu. Am na sax ay yàqkat yoo xam ne ñoom ni ñu gise sunuk tàbbi ci Islaam moo di ni jamono jii ñu tollul Islaam am na doole, rawatina petroolu Araab yi, ak yu mel noonu. Waaye loolu amul solo, ngir yàqkat dafa yàgg ci àdduna.” Gànnaaw ba itam waxtaan nañu waxtaan wu yaatu ci Islaam. Mu wone fa cofeel gum am ci Sériñ Tuubaa.